

# Ajisteman Fonksyonèl nan Resansman 2020 an Akoz COVID-19

Resansman 2020 an sou pye epi plis kay atravè Etazini ap reponn chak jou. Nou ap kontinye resevwa oto-repons sou entènèt, nan telefòn, ak pa lapòs atravè pwosesis koleksyon done a. Akoz de epidemi COVID-19 la, Biwo Resansman Etazini a ap ajiste operasyon Resansman 2020 an yo pou li kapab:

- Pwoteje sante ak sekirite gran piblik ameriken an ak anplwaye Biwo Resansman an yo.
- Aplike konsèy ki soti bò kote otorite sante federal, eta (state), ak lokal yo konsènan COVID-19.
- Asire nou fè yon kalkil konplè epi egzat sou tout kominote yo.

Nan plan operasyonèl Resansman 2020 ki ajiste a, aktivite sou teren ta gen pou rekòmanse aprè 1e Jen 2020, pandan biwo resansman zòn nan (area census offices) yo kòmanse retounen fonksyone a pèsònèl nan kapasite konplè. **Aktivite fas a fas, pami yo ou jwenn enimerasyon, travay biwo ak aktivite pou trete enfòmasyon, ap entegre konsèy ki pi resan ki soti bò kote otorite yo pou asire sante ak sekirite anplwaye ak piblik la.**

Aktivite/Fonksyon	Orè Orijinal	NOUVO ORÈ
<b>Faz Oto-Repons</b> Nou ap kontinye resevwa oto-repons sou entènèt, nan telefòn, ak pa lapòs atravè pwosesis koleksyon done a.	12 Mas-31 Jiyè	12 Mas-31 Oktòb
<b>Lojman Gwoup (e-Response ak Enimerasyon sou Papyè)</b> Anpil lojman gwoup gentan deja kòmanse reponn atravè opsyon pou enimerasyon pa e-response nou ofri la.	2 Avril-5 Jen	2 Avril-3 Septanm
<b>Zòn Izole nan Alaska</b> Premye operasyon pou yo te ka rive touche pati nan Alaska ki difisil pou touche pi lwen nan ane a epi popilasyon zòn sa yo pati pou ale fè lòt okipasyon. Operasyon an ap fèt plis selon orè orijinal yo te planifye a, malgre gen kèk zòn kote popilasyon yo rete la pandan tout ane a ke yo ap konte lè li san danje pou yo fè sa.	21 Janvye-30 Avril	Pwovizwaman 21 Janvye-19 Jen, men sa ka mande plis revizyon toujou ak kowòdinasyon

Konekte avèk nou:  
[@uscensusbureau](#)

Pou plis enfòmasyon:  
[2020CENSUS.GOV](#)

D-FS-GP-EN-022 13 AVRIL 2020

Shape  
your future  
START HERE >

United States®  
Census  
2020

Aktivite/Fonksyon	Orè Orijinal	NOUVO ORÈ
<p><b>Biwo sou Teren yo nan Nivo Operasyon Maksimòm</b></p> <p>Direktè ak pèsonèl yo kòmanse aktivite administratif, fòmasyon, deplwaman, ak sipò pou operasyon koleksyon done ki nan nivo maksimòm. Sa gen ladan seleksyone ak anboche manm pèsonèl teren.</p>	1e Mas	1e Jen
<p><b>Kite / Mizajou—anndan Etazini</b></p> <p>Anketè ap depoze envitasyon pou moun reponn ak kesyonè sou papyè devan pòt devan 5 milyon kay anndan Etazini epi an menm tan mete adrès yo ajou.</p>	15 Mas-17 Avril	13 Jen-9 Jiyè
<p><b>Kite / Mizajou—Pòtoriko</b></p> <p>Operasyon Kite / Mizajou pou Eta Lib Asosye Pòtoriko a, apeprè 1 milyon 700 mil kay, ap kowòdone separeman.</p>	15 Mas-17 Avril	Sa mande plis revizyon toujou ak kowòdinasyon ak kolaboratè ekstèn ak patiprenant yo.
<p><b>Konte / Mizajou</b></p> <p>Anketè ap fè entèvyou ak apeprè 2,000 kay ki nan pati izole nan nò Eta Maine ak sidès Eta Alaska.</p>	16 Mas-30 Avril	14 Jen-29 Jiyè
<p><b>Swit pou Moun ki pa te Reponn (NRFU)</b></p> <p>Anketè ap fè entèvyou ak moun nan kay yo fas a fas.</p>	13 Me-31 Jiyè	11 Out-31 Oktòb
<p><b>Enimerasyon Lojman Gwoup Fas a Fas</b></p> <p>Lojman gwoup ki rete toujou nan kad jefò enimerasyon fas a fas pou lojman gwoup yo ap kòmanse an Jiyè.</p>	2 Avril-5 Jen	1e Jiyè-3 Septanm
<p><b>Enimerasyon ki Baze sou Sèvis Charite Yo</b></p> <p>Nou ap travay ak moun ki bay sèvis nan kantin popilè, abri, ak machin anbilan ki bay manje nan orè regilye yo pou yo konte moun yo ap sèvi yo.</p>	30 Mas-1e Avril	Sa mande plis revizyon toujou ak kowòdinasyon ak kolaboratè ekstèn ak patiprenant yo.
<p><b>Èd ak Kesyonè Pòtab</b></p> <p>Pèsonèl Biwo Resansman an ap ede moun reponn sou entènèt nan kote moun rasanble yo (pwogram, makèt, elatriye).</p>	30 Mas-31 Jiyè	Sa mande plis revizyon toujou ak kowòdinasyon ak kolaboratè ekstèn ak patiprenant yo.
<p><b>Kalkil pou Konte Moun ki nan Sitiyasyon Sanzabri ki ap Dòmi Deyò</b></p> <p>Anketè ap konte moun ki anba pon, nan pak piblik, nan biznis ki ouvè tout nannuit yo, elatriye.</p>	1e Avril	Sa mande plis revizyon toujou ak kowòdinasyon ak kolaboratè ekstèn ak patiprenant yo.

Aktivite/Fonksyon	Orè Orijinal	NOUVO ORÈ
<p><b>Enimerasyon Pozisyon Tranzisyonèl yo</b></p> <p>Anketè ap konte moun ki rete nan kan, pak pou machin lwazi yo, pò, ak otèl si yo pa abite okenn lòt kote nòmalmman.</p>	9 Avril–4 Me	Pwovizwaman 3 Septanm–28 Septanm, men sa ka mande plis revizyon toujou ak kowòdinasyon.
<p><b>Trete Kalkil Repatisyon yo</b></p> <p>Aprè aktivite koleksyon yo fin konplete, espesyalis Biwo Resansman an ap ekzekite epi revize rezilta ki soti nan pwogram ki korije repons doub yo, detèmine sityasyon final inite lojman yo, ranpli done ki manke nan inite lojman yo konsènan ki valè moun ki gen nan yon kay, epi acheve inivè ki gen pou fè pati dosye kalkil repatisyon an.</p>	31 Jiyè 2020–31 Desanm 2020	31 Oktòb 2020–30 Avril 2021
<p><b>Trete Done Redekoupaj Elektoral yo</b></p> <p>Espesyalis Biwo Resansman an yo ap ekzekite epi revize pwogram ki ranpli done ki manke pou chak kay, ekzekite pwogram diferansyèl pou pwoteksyon enfòmasyon prive pou asire konfidansyalite, epi ekzekite pwogram tabilasyon pou distribisyon nan chak eta (state).</p>	1e Janvyè 2021–30 Mas 2021	1e Me 2021–31 Jiyè 2021
<p><b>Livre Rezilta Kalkil Repatisyon yo a Prezidan an</b></p> <p>Daprè lalwa, se pou Biwo Resansman an bay total popilasyon chak eta (state), sa ki detèmine ki kantite plas yo ap okipe nan Chanm Reprezantan Etazini a.</p>	Avan 31 Desanm	A Livre disi 30 Avril 2021
<p><b>Prezidan an ap Livre Kalkil Repatisyon yo a Kongrè</b></p>	Nan espas 7 jou depi seyans lejislatif la kòmanse oubyen apeprè 10–20 jou aprè li resevwa yo.	Nan espas 14 jou aprè li resevwa yo.
<p><b>Livre rezilta yo Konte pou Redekoupaj Elektoral yo a Eta (states) yo</b></p> <p>Daprè lalwa, se pou Biwo Resansman an bay rezilta lokal yo konte yo, chif ke chak eta (state) bezwen pou yo efekte redkoupaj lejislatif.</p>	Avan 1e Avril 2021	A Livre disi 31 Jiyè 2021